

Si moun nan bezwen li lèw ou, pa mete men ou oswa objè devan figi ou. Pa fimèn, manje, bese tèt ou, vire tèt ou, oswa deplase pandan w ap pale. Pale klè epi pa pale twò vit. Si li posib, pale yon kote ki gen yon bon kantite limyè. Si moun nan itilize yon entèprèt lang siy, se ak moun nan pou ou pale dirèkteman ak gade nan je li, se pa entèprèt la. Kit w ap pale oswa ekri, pa itilize mo ki konplike yo kapab pa ka tradwi nan lang siy.

- Si yon moun mete yon aparèy pou ede li tande, pale ak li yon kote ki pa gen bri. Pa monte vwa ou amwenske li mande ou sa.

## Pa bay tèt ou pwoblèm

Ou pa bezwen jennen pou itilize ekspresyon komen tankou, "Èske ou te tande dènye nouvèl yo?" ki sanble li gen pou wè ak andikap moun nan. An reyalyte, anpil moun ki avèg di, "Na wè pita!" Si ou pa konnen sa pou ou di oswa fè, mande moun nan. Si ou fè yon fòt, pa bay tèt ou pwoblèm! Moun ak andikap pa bezwen ou pafè. Lè ou montre ou konprann yo epi ou gen yon bèl atitud se pi bèl jès ou te ka fè

## Plis Konsiderasyon

Pou jwenn plis enfòmasyon sou jan pou aji ak moun ki andikape, tanpri konsilte sous sa yo:

**Disability is Natural (Òganizasyon Nasyonal Sou Andikap)**  
[disabilityisnatural.com](http://disabilityisnatural.com)

**Job Accommodation Network (Rezo Akomodasyon Travay)**  
[askjan.org/topics/disetiq.htm](http://askjan.org/topics/disetiq.htm)

**United Spinal Association (Asosyasyon Espinal Ini)**  
[unitedspinal.org](http://unitedspinal.org)

**Agency for Persons with Disabilities**  
4030 Esplanade Way, Suite 380  
Tallahassee, FL 32399-0950  
1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)  
850-488-4257  
[apdcares.org](http://apdcares.org)

March 2017

# Konpòtman ki Enpòtan

Yon gid etikèt sou jan pou aji ak  
moun ak andikap

  
agency for persons with disabilities  
State of Florida

# Langaj

Yon moun ak andikap se yon moun, li pa yon andikap. Mo tankou "kokobe," "retade," oswa "avèg" pa apwopriye paske yo souliye plis sou andikap la pase moun nan. Si ou ta distenge yo ak "moun nòmal" sa vle di yon moun ak yon andikap pa nòmal. Epi tou, evite dekri yon andikap tankou yon malè oswa yon kondisyon enfim ak langaj tankou "li souffri ak," "li se yon viktim," "li andikape ak," "li limite a," oswa "li kouche nan."

Pito, itilize langaj premye pèsòn, ki konsantre sou moun nan tan pou se andikap la. Langaj premye pèsòn positif, li montre respè, epi li pa limite, mete etikèt, separe, oswa bese valè moun nan. Li konfime, valorize, ak souliye sou kapasite moun nan. Nan tablo ki pi ba a, note kijan langaj premye pèsòn mete moun nan avan.

MEN SA POU W DI	PA DI SA
moun ak yon andikap	enfim, andikape
moun ak enfimite nan sèvo	viktim enfimite nan sèvo
moun ki genyen esklewoz an plak	soufri ak esklewoz an plak
moun ki soud, tande di	soud la, souffri ak pwoblèm pou tande
moun ki avèg, gen pwoblèm pou wè	avèg la
moun ki gen andikap mantal, andikap entèlektyèl ak devlopmantral	retade, andikape mantal, lespri fèb
moun ak epilepsi, maladi kriz	epileptik
moun ki itilize yon chèz woulant	kole sou yon chèz woulant
moun ak yon andikap fizik	kokobe, egare, defòme
moun ak yon andikap sikyatrik	fou, tèt pati, malad nan tèt
moun ki itilize yon aparèy pou kominike	bèbè, myè, pa ka pale, pa ka kominike
Ki kalite andikap ou genyen?	Ki pwoblèm ou?
moun ki gen ti tay, moun ki piti	nen, rasi

# Men kijan pou ou aji

Men kèk egzanp fason ou kapab aji pou montre moun nan respè ak sipò.

- Si ou ofri ede moun nan, tann jiskaske li aksepte; tande epi mande li kisa pou ou fè.
- Pale dirèkteman ak moun nan, pa ak moun ki akonpanye li a.
- Abòde moun ak andikap la ak prenon li sèlman lè ou fè sa ak tout lòt moun yo. Pa janm tape moun nan sou tèt oswa zepòl li.
- Lè w ap pale ak yon moun ki sou yon chèz woulant oswa mobilèt, oswa ak yon moun ki piti, kanpe devan li pou nou menm wotè.
- Pa janm sipoze moun nan pa ka ba ou lanmen, kèlkeswa sa li sanble. Se pa yon pwoblèm pou bay lamèn ak men goch.
- Lè w ap salye yon moun ki avèg oswa gen pwoblèm pou wè, tann li lonje men li avan. Ou kapab di li, "Èske mwen kapab ba ou lanmen?" kòm yon endikasyon. Toujou prezante tèt ou ak lòt moun ki avèk ou. Nan yon gwoup, di non moun w ap pale ak li a. Di moun nan lè w ap kite sal la. Pa manyen chen gid moun nan, pa bay li manje oswa deranje li, menm si li chita, kanpe, oswa kouche; lè ou deranje konsantrasyon chen an li kapab yon danje pou sante ak sekirite moun nan.
- Pa apiye sou chèz woulant, mobilèt, beki, baton oswa lòt ekipman pou ede moun nan mache. Ekipman sa a fè pati espas pèsònèl li. Pa janm retire ekipman yo kote yo san pèmasyon yo, menm si se pou yon ti tan. Si yo kite ou deplase li, sonje remete li nan plas li.
- Koute moun nan ak anpil atansyon si li pale dousman oswa diferan. Pran pasyans epi tann li fini, tan pou ou pale pou li oswa korije li. Si li nesèsè, poze kesyon l ap bezwen bay yon repons kout oswa petèt souke tèt li. Pa janm pran pòz ou konprann; pito, repete sa ou konprann epi kite moun nan reponn.
- Pou atire yon moun ki avèg, tape li sou zepòl oswa voye men ba li.

